

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Dumasar kana pamarekan Arikunto (2013, kc. 123), désain panalungtikan kuasi ékspèrimèn tèh kabagi kana sababaraha rupa kayaning ieu di handap.

- 1) Désain *One shot case study*, mangrupa désain anu kawilang basajan pisan. Ieu désain kurang hadé saupama digunakeun dina panalungtikan anu sifatna ilmiah.
- 2) Désain *Pre-test and Post-test*, mangrupa désain anu dilakukeun dua kali nya éta saméméh jeung sabada ékspèrimén. Panalungtikan anu dilakukeun saméméh ékspèrimén disebut *pre-test* jeung panalungtikan anu dilakukeun sabada ékspèrimén disebut *post-test*.
- 3) Désain *Static group comparsion*, mangrupa désain anu digunakeun dina panalungtikan anu geus aya kelompok séjén salaku standar éksternal.

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspèrimén kalawan désain *one group pre-test* jeung *post-test design*. Tés dilaksanakeun dua kali nya éta saméméh jeung sabada ékspèrimén. Kagiatan tés nu dilaksanakeun saméméh ékspèrimén (O_1) disebut *pre-test*, jeung tés sabada dilaksanakeun ékspèrimén (O_2) disebut *post-test*, saperti kieu.

Tabél 3.1

O_1	X	O_2
-------	---	-------

**Desain Panalungtikan *One Group Pre-test and Post-test Design*
(Arikunto, 2013, kc. 124)**

Katerangan:

O_1 = *pre-test* (tes awal)

X = *treatment* (*perlakuan* pangajaran ngagunakeun modél *Examples non Examples*)

$O_2 = \textit{post-test}$ (tes akhir)

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172), sumber data dina panalungtikan nya éta subjék anu ngahasilkeun éta data. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan téh nya éta kelas X-Farmasi SMK Puragabaya Kota Bandung Taun Ajaran 2015/2016, alesan dipilihna kelas X-Farmasi jadi sumber data panalungtikan téh lantaran siswa di éta kelas dianggap mibanda kahéngkéran dina nulis carita pondok. Rincianana digambarkeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.2

Jumlah Siswa Kelas X-Farmasi SMK Puragabaya Kota Bandung

Jenis Kelamin	Jumlah Siswa
(1)	(2)
Lalaki	4 urang
Awéwé	21 urang
Jumlah Sakabéh Siswa : 25 urang	

3.3 Instrumen Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 203), instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun dina ngumpulkeun data. Data anu rék dikumpulkeun téh data karangan carita pondok. Ku sabab kitu, alat anu digunakeunana nya éta tés dina wangun paréntah. Ieu hal luyu jeung pamanggih Arikunto (2013, kc. 193), tés mangrupa sababaraha patalékan atawa latihan sarta alat anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh intelegénsi, kamampuh atawa bakat anu dipimilik ku individu atawa kelompok.

Tés dilaksanakeun dua kali, nya éta tés awal (*pre-test*) jeung tés ahir (*post-test*). Tés kamampuh awal dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis carita pondok saméméh ayana perlakuan, sedengkeun tés ahir dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh nulis carita pondok sabada ayana perlakuan.

Pikeun *pre-test* jeung *post-test* siswa dibéré sababaraha téma, anu satuluyna siswa milih hiji téma pikeun dimekarkeun jadi carita pondok. Salah sahiji témana

di antarana suasana pasar, suasana stasiun, suasana sakola, suasana kebon binatang, jeung suasana pantai. Aya tujuh aspék nu bakal dipeunteun dina nulis carita pondok nya éta:

- a. Eusi carita pondok
- b. Imajinasi
- c. Tokoh jeung Penokohan
- d. Plot/Galur
- e. Hubungan antar Padalisan
- f. Mékanik
- g. Gaya

Ieu di handap instrumén *pre-test* jeung *post-test* anu dipaké dina panalungtikan.


Pék jieun carita pondok, kalayan katangtuan saperti ieu di handap:

1. Pilih salah sahiji téma::
 - a. Suasana Pasar
 - b. Suasana Stasiun
 - c. Suasana Sakola
 - d. Suasana Kebon Binatang
 - e. Suasana Pantai
2. Panjangna minimal tilu paragraf
3. Komponén anu diajén:
 - a. Eusi carita pondok
 - b. Imajinasi
 - c. Tokoh jeung Penokohan
 - d. Plot/Galur
 - e. Hubungan antar Padalisan
 - f. Mékanik
 - g. Gaya

3.4 Prosédur Panalungtikan

Prosédur dina ieu panalungtikan dijéntrékeun ngaliwatan bagan di handap.

Bagan 3.1
Prosédur Panalungtikan



Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan kuantitatif, jeung métode kuasi ékspérimén. Desain anu dipaké nya éta *one group pre-test* jeung *post-test design*. Sangkan leuwih jéntré, prosedur panalungtikan ditétélakeun ieu di handap.

1) Tatahar

Saacan ngayakeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun heula wawancara jeung guru basa Sunda SMK Puragabaya ngeunaan masalah nu karandapan saluyu jeung Kurikulum 2013 dina pangajaran basa Sunda. Panalungtik nyusun léngkah-

léngkah anu baris dilaksanakeun pikeun ngungkulan masalah ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*.

2) Ngalaksanakeun jeung Ngumpulkeun Data Panalungtikan

Sanggeus kapanggih masalah pangajaran nulis siswa nu di kelas X-Farmasi SMK Puragabaya Bandung, tuluy dilaksanakeun panalungtikan ka éta kelas. Fungsina pikeun ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data nya éta téhnik tés. Tés dilakukeun dua kali nya éta tés awal jeung tés ahir. Tés awal dilakukeun saméméh perlakuan (*treatment*), anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh nulis carita pondok saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*. Sedengkeun tés ahir dilaksanakeun sabada perlakuan (*treatment*), anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh nulis carita pondok sabada ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*.

Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina téhnik ngumpulkeun data aya sababaraha tahap, saperti:

- a. siswa dibéré pancén (*pre-test*), nulis carita pondok kalawan téma nu geus ditangtukeun pikeun mikanyaho tés awal siswa dina nulis carita pondok;
- b. sanggeus mikanyaho tés awal siswa, panalungtik ngayakeun perlakuan pikeun prosés pembelajaran;
- c. ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples* kana nulis carita pondok;
- d. sanggeus ngalaksanakeun perlakuan, panalungtik ngalaksanakeun (*post-test*) nya éta tés ahir pikeun meunangkeun hasil ngaronjat henteuna kamampuh siswa ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*.

3) Nganalisis Data

Sanggeus ngumpulkeun sakabéh data, éta data dianalisis jeung dipedar kalayan ngagunakeun rumus-rumus statistika.

4) Kacindekan jeung Saran

Sababaraha tahapan anu geus dilakukeun ti mimiti tatahar, ngumpulkeun data, tur dianalisis, tuluy nu pamungkas nya éta nyindekkeun hasil panalungtikan. Dina ahir panalungtikan, panalungtik miboga tujuan pikeun ngungkulan masalah anu geus dipilih, ku kituna dijieun saran.

3.5 Téhnik Nganalisis Data

Tèhnik nganalisis data mangrupa kagiatan ngolah data pikeun ngahasilkeun jawaban tina data anu geus dikumpulkeun. Ieu téhnik miboga tujuan pikeun mikanyaho hasil *pre-test* jeung *post-test* siswa, sarta bisa maluruh masalah anu karandapan ku panalungtik dina ngalakukeun panalungtikan. Sangkan ieu tujuan kahontal, anapon léngkah-léngkah panalungtikan ieu di handap.

1) Mariksa sarta nganalisis hasil nulis carita pondok *pre-test* jeung *post-test*. Sangkan leuwih jéntré kritéria meunteun karangan siswa baris ditabélkeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.3
Kritéria Meunteun Karangan Carita Pondok Siswa

Aspék Kamampuh Nulis	Skor	Kritéria
(1)	(2)	(3)
Eusi	4	Hadé pisan (sampurna, hartina substantif, informasina pepel, siswa bisa mekarkeun ideuna kalawan hadé, sarta eusina rélevan jeung téma)
	3	Cukup hadé (lumayan substantif, informasina lumayan pepel, siswa bisa mekarkeun ideuna lumayan hadé, sarta caritana lumayan rélevan jeung téma)
	2	Kurang (kurang substantif, informasina kurang pepel, siswa ngamekarkeun idéna kurang hadé, sarta eusi caritana kurang rélevan jeung téma)
	1	Kurang pisan (henteu substantif, informasina heunteu pepel, siswa mekarkeun ideuna henteu hadé, sarta eusi caritana henteu rélevan jeung téma)
Imajinasi	4	Hadé pisan (sampurna, hartina siswa ngamekarkeun imajinasina kuat sarta diolah kalawan hadé)

	3	Cukup hadé (siswa ngamekarkeun imajinasina cukup hadé)
	2	Kurang (siswa ngamekarkeun imajinasina kurang kuat sarta eusi caritana diolah kurang hadé)
	1	Kurang pisan (imajinasina teu kuat sarta diolahna kurang hadé)
Tokoh jeung Penokohan	4	Hadé pisan (sampurna, hartina ayana tokoh utama jeung tokoh pendukung sarta watekna digambarkeun kalawan jelas)
	3	Cukup hadé (ayana tokoh utama jeung tokoh pendukung sarta watekna digambarkeun kalawan cukup jelas)
	2	Kurang (teu aya tokoh utama jeung tokoh pendukung sarta watek anu digambarkeun dina carita kurang jelas)
	1	Kurang pisan (teu aya tokoh utama jeung tokoh pendukung sarta watekna teu digambarkeun dina carita kalawan jelas)
Plot/Galur	4	Hadé pisan (sampurna, hartina plot digambarkeun kalawan jelas sarta jalan caritana gampang dipikaharti)
	3	Cukup hadé (plot digambarkeun cukup jelas sarta jalan caritana lumayan bisa dipikaharti)
	2	Kurang (plot digambarkeunana kurang jelas sarta jalan caritana kurang dipikaharti)
	1	Kurang pisan (plot digambarkeun kalawan heunteu jelas sarta jalan caritana henteu dipikaharti)
Hubungan antar Padalisan	4	Hadé pisan (sampurna, hartina hubungan antar padalisan kagambar kalawan hadé sarta silih lengkepan)
	3	Cukup hadé (hubungan antar padalisan kagambar lumayan hadé sarta lumayan silih lengkepan)
	2	Kurang (hubungan antar padalisan kagambar kurang

		hadé sarta kurang silih lengkepan)
	1	Kurang pisan (hubungan antar padalisan teu kagambar sarta heunteu silih lengkepan)
Mekanik	4	Hadé pisan (sampurna, hartina ngawasa aturan penulisan, ngan aya sababaraha anu salah éjahan)
	3	Cukup hadé (sok aya kasalahan éjahan, tapi teu matak ngarobah ma'na)
	2	Kurang (loba kasalahan éjahan sarta ma'nana ngabingungkeun eusi carita atawa caritana teu dipikaharti)
	1	Kurang pisan (teu ngawasa aturan penulisan carita, kasalahan éjahanana loba pisan, tulisana teu kabaca, jeung teu pantes pikeun diajén)
Gaya	4	Hadé pisan (sampurna, hartina gaya carita anu dipaké éféktif sarta matak ngirut ati)
	3	Cukup hadé (gaya carita anu dipakéna cukup éféktif sarta cukup matak ngirut ati)
	2	Kurang (gaya carita anu dipakéna kurang éféktif sarta kurang matak ngirut ati)
	1	Kurang pisan (gaya carita anu dipakéna heunteu éféktif sarta teu matak ngirut ati)

(Nurdiyantoro, 2013, kc. 488)

- 2) Méré peunteun kana hasil *pre-test* jeung *post-test* siswa kalawan ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\text{skor nu kahontal}}{\text{skor idéal}} \times$$

Keterangan:

KKM : 75

Peuteun maksimal : 100

Katégori : Peunteun ≥ 75 , siswa dianggap mampuh nulis carita pondok
 Peunteun ≤ 75 , siswa dianggap can mampuh nulis carita pondok

Tabél 3.4

Rata-rata Kamampuh Nulis Carita Pondok Siswa kelas X-Farmasi

NS	Aspék penilaian							Σ	N	K
	A	B	C	D	E	F	G			
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)
01										
02										
03										
.....										
Σ										
\bar{X}										

Katerangan:

NS : Nomor Siswa
 A : Eusi Carpon
 B : Imajinasi
 C : Tokoh jeung Penokohan
 D : Plot/Galur
 E : Hubungan antar Paragraf
 F : Mékanik
 G : Gaya
 Σ : Jumlah skor
 N : Niléy
 K : Katégori
 \bar{X} : Rata-rata

3.5.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ku dua cara, nya éta uji normalitas jeung uji homogénitas.

1) Uji Normalitas

Uji normalitas bisa dilakukeun ku sababaraha cara, nya éta: (1) Uji kertas peluang normal, (2) Uji liliefors, jeung (3) Uji chi kuadrat (Riduwan, 2012, kc. 187). Pikeun nangtukeun yén éta data miboga sipat normal atawa henteu bisa ngagunakeun rumus *chi* kuadrat (X^2).

Léngkah-léngkah nu kudu dipigawé saméméh ngagunakeun *chi* kuadrat saperti ieu di handap.

- a. Ngitung rentang (*range*) ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$r = \text{skor panggedéna} - \text{skor pangleutikna}$$

(Sudjana, 2005, kc. 47)

- b. Nangtukeun jumlah kelas interval (*k*), ngagunakeun rumus:

$$k = 1 + (3,3) \log n$$

(Sudjana, 2005, kc. 47)

- c. Nangtukeun panjang kelas interval (*p*) ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{r}{k}$$

Keterangan:

P = panjang kelas

r = range

k = lobana kelas

(Sudjana, 2005, kc. 47)

- d. Nyieun tabél frékuénsi peunteun *pre-test* jeung *post-test* ngagunakeun rumus ieu di handap:

Tabél 3.5
Format Frékuénsi Peunteun *Pre-test* jeung *Post-test*

No	Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)
1						
2						
Σ						

- e. Ngitung rata-rata (*mean*) peunteun *pre-test* jeung *post-test* ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$x = \frac{\sum f_i \cdot x_i}{\sum f_i}$$

Katerangan:

x = rata-rata (*mean*)

Σ = jumlah

f_i = jumlah data

x_i = nilai tengah

(Sudjana, 2005, kc. 70)

- f. Ngitung standar deviasi (*sd*) ngagunakeun ieu rumus:

$$sd = \sqrt{\frac{n \sum f_i \cdot x_i^2 - (\sum f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}}$$

- g. Ngitung frekuensi observasi jeung frekuensi ekspetasi. Léngkah-léngkahna nya éta:

- (1) Nyieun tabél frekuensi observasi jeung frekuensi ekspetasi

Tabél 3.6
Format Frékuénsi Observasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi

Kelas Interval	O_i	Bk	Z	$Z_{\text{tabél}}$	L	E_i	$\frac{(O_i + E_i)^2}{E_i}$

Σ							

Katerangan:

- O_i = frekuensi observasi
 Bk = batas kelas
 Z = transformasi normal standar bebas kelas
 Z_{tabel} = peunteun Z dina table distribusi data normal
 L = lega kelas interval
 E_i = frekuensi ekspetasi ($n \times$ luas Z_{tabel})

- (2) Nangtukeun O_i (frekuensi observasi)
 (3) Nangtukeun Bk (batas kelas interval)
 (4) Ngitung Z_{itung} (transformasi normal standar bebas kelas)

$$Z = \frac{(bk - x)}{sd}$$

- (5) Nangtukeun Z_{tabel}
 (6) Ngitung lega unggal kelas interval (L)

$$L = Z_{tabel 1} - Z_{tabel 2}$$

- (7) Ngitung E_i (frekuensi ekspetasi)

$$E_i = n \times L$$

- (8) Nangtukeun peunteun X^2 (*Chi Kuadrat*)

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 2005, kc. 273)

- (9) Nangtukeun dk (derajat kabebasan)

$$dk = k - 3$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

(10) Nangtukeun harga $X^2_{\text{tabél}}$

(11) Nangtukeun normalitas ngagunakeun criteria ieu di handap.

a. Saupama $X^2_{\text{itung}} < X^2_{\text{tabél}}$, hartina distribusi data normal

b. Saupama $X^2_{\text{itung}} > X^2_{\text{tabél}}$, hartina distribusi data teu normal

2) Uji Homogénitas

Uji homogénitas nya éta uji sipat data nu tujuanana pikeun mikanyaho homogén henteuna variasi sampel anu diujikeun. Anapon léngkah-léngkah dina nangtukeun homogenitas nya éta:

(1) Ngitung variasi unggal kelompok

a. Variasi *Pre-test* (S_1^2)

$$S_1 = \sqrt{\frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}}$$

b. Variasi *Post-test* (S_2^2)

$$S_2 = \sqrt{\frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}}$$

(Sudjana, 2005, kc. 95)

(2) Ngitung distribusi (F)

$$F = \frac{\text{variasi anu leuwih gedé}}{\text{variasi anu leuwih leutik}}$$

(3) Ngitung derajat kebebasan (dk)

$$dk = n - 1$$

(4) Nangtukeun harga $F_{\text{tabél}}$

(5) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kriteria ieu di handap:

a. Saupama $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabél}}$, hartina variasi sampel homogén

b. Saupama $F_{\text{itung}} > F_{\text{tabél}}$, hartina variasi sampel henteu homogén

(Sudjana, 2005, kc. 250)

3.5.2 Uji Gain

Dwi Sulistiya Rini, 2016

**MODÉL PANGAJARAN EXAMPLES NON EXAMPLES PIKEUN NGARONJATKEUN
KAMAMPUH NULIS CARITA PONDOK.**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Uji gain dilaksanakeun pikeun nangtukeun naha aya béda anu signifikan antara hasil *pre-test* jeung *post-test*. Hasil tina uji gain, bisa meunangkeun gambaran pangaruh digunakeunana modél pangajaran *Examples non Examples* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa kelas X-Farmasi SMK Puragabaya Kota Bandung Taun Ajaran 2015/2016. Rumusan anu digunakeun pikeun meunangkeun hasil tina uji gain, dirumuskeun ieu di handap.

Tabel 3.7

Uji Gain (d) Tingkat Kamampuh Siswa Nulis Carita Pondok Ngagunakeun Modél Pangajaran *Examples non Examples*

NS	Pre-test								Post-test								d	d ²	
	Aspék penilaian							N	Aspék penilaian							N			
	A	B	C	D	E	F	G		A	B	C	D	E	F	G				
01																			
02																			
03																			
...																			
Σ																			
\bar{X}																			

Keterangan:

- NS : Nomor Siswa
 A : Eusi Carpon
 B : Imajinasi
 C : Tokoh jeung Penokohan
 D : Plot/Galur
 E : Hubungan antar Paragraf
 F : Mékanik
 G : Gaya
 Σ : Jumlah
 \bar{X} : Rata-rata
 d : Uji Gain

3.5.3 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilaksanakeun ngaliwatan dua léngkah, nya éta:

- 1) Statistik Paramétris

Statistik Paramétris digunakeun nalika data hasil uji normalitas nunjukeun distribusi data normal. Léngkah-léngkah dina statistik paramétris nya éta saperti ieu dihandap.

- a. Nangtukeun Mean tina béda *pre-test* jeung *post-test* (Md) kalawan ngagunakeun rumus:

$$Md = \frac{\Sigma d}{n}$$

- b. Ngitung darajat kabébasan (dk) kalawan ngagunakeun rumus:

$$dk = n - 1$$

- c. Ngitung jumlah kuadrat deviasi kalawan ngagunakeun rumus:

$$\Sigma x^2 d = \Sigma d^2 - \frac{(\Sigma d)^2}{n}$$

- d. Ngitung uji t kalawan ngagunakeun rumus:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\Sigma x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Katerangan:

t = tés signifikasi

Md = rata-rata (mean) tina béda *pre-test* jeung *post-test*

$\Sigma x^2 d$ = jumlah kuadrat deviasi

n = jumlah subyek dina sampel

- e. Nangtukeun ditarima henteuna hipotesis dumasar kriteria ieu di handap.

(1) Saupama $t_{itung} > t_{tabél}$ hartina hipotésis ditarima, nya éta modél pangajaran *Examples non Examples* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa kelas X-Farmasi SMK Puragabaya Kota Bandung taun ajaran 2015/2016.

- (2) Saupama $t_{itung} < t_{tabel}$ hartina hipotésis ditolak, nya éta modél pangajaran *Examples non Examples* teu bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa kelas X-Farmasi SMK Puragabaya Kota Bandung taun ajaran 2015/2016.